

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Jaman kiwari, kaulinan tradisional geus kaéred ku parobahan jaman, utamana ku kamekaran téhnologi. Loba kaulinan-kaulinan modéren anu dianggap leuwih pikaresepeun tibatan kaulinan tradisional. Kaulinan tradisional ogé beuki teu dipikawanoh, lantaran ayeuna mah buruan imah téh hareurin jeung tegalan beuki heurin baé. Ku kituna, geus jarang manggihan barudak ngarumpul bari ulin sondah, galah, bancakan, boy-boyan, ucing nagog, jeung sajabana. Lian ti éta, ieu panalungtikan téh pikeun mikanyaho kumaha prak-prakan, palaku, waktu, tempat, alat, purwakanti, eusi, jeung basa dina kaulinan tradisional.

Unsur-unsur intrinsik nu aya dina kaulinan tradisional nu maké kakawihan nu diungkarakeun perkara pusi, nu ngawengku basa, eusi, purwakanti, jeung wangun. Unsur-unsur intrinsik nu aya dina kaulinan tradisional nu teu maké kakawihan nya éta asal-usul kaulinan, palaku, alat, prak-parakan, waktu, jeung tempat. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif, nu miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis kaulinan tradisional.

Hasil panalungtikan kagambarkeun ngeunaan struktur jeung hasil. Kaulinan anu kapaluruh aya 43 kaulinan. Éta kaulinan téh dipasing-pasing kana kaulinan maké alat aya 4, nya éta bandring, bedil sorolok (palapah cau), jajangkungan, jeung langlayangan. Kaulinan prosés tur maké alat aya 10, di antarana bancakan, béklen, boy-boyan, jeung sajabana. Kaulinan murni prosés tanpa alat aya 11, di antarana barén, gagarudaan, hahayaman, jeung sajabana. Kaulinan maké kakawihan aya 18, di antarana “Cacag Guramé”, “Endog-endogan”, “Kelenang-kelenéng”, jeung sajabana.

Struktur nu aya dina kaulinan maké alat, kaulinan prosés tur maké alat, jeung kaulinan murni prosés tanpa alat nya éta palaku, alat, prak-parakan, waktu, jeung tempat, sedengkeun struktur nu aya dina kaulinan nu maké kakawihan nya éta téks kakawihan, basa, eusi, purwakanti, wangun, wirahma, palaku, alat, prak-parakan, waktu, jeung tempat. Unsur anu dianalisis dina ieu panalungtikan saperti

Astri Handayani, 2014

STRUKTUR DINA KAULINAN TRADISIONAL DI DÉSA PAGERWANGI KACAMATAN LEMBANG  
KABUPATÉN BANDUNG BARAT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMP KELAS VII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

unsur intrinsik asal-usul kaulinan, téks dina kakawihan, basa anu digunakeun di antarana basa Sunda, eusi dina kakawihan di antarana ngeunaan kasuburan di Tatar Sunda, purwakanti anu digunakeun lolobana purwakanti maduswara, jumlah wangun jeung wirahma dina unggal kakawihan béda-béda, waktu nu dipaké nya éta tibeurang, tempat nu dipaké nya éta di buruan, palaku dina ieu kaulinan nya éta budak lalaki jeung budak awéwé, alat anu digunakeun saperti plastik, keretas, jsb, sarta prak-prakanana. Tina sakabéh kaulinan, anu kagolong kana kaulinan pikeun heureuy (*play*) sarta pasanggiri (*game*) aya 4 kaulinan, kaulinan pikeun heureuy wungkul (*play*) aya 23 kaulinan, jeung kaulinan pikeun pasanggiri wungkul (*game*) aya 16 kaulinan.

Ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan pangajaran maca di SMP kelas VII. Ku hal ieu dipiharep siswa bisa leuwih mikawanoh kana kakawihan jeung kaulinan tradisional.

## 5.2 Saran

Dina nalungtik struktur kaulinan tradisional téh loba pisan mangpaatna, utamana dina widang budaya jeung élmu lianna. Saran ditepikeun ka guru, siswa jeung masarakat réa.

### 1) Guru

Pikeun guru bisa jadi pangdeudeul pikeun bahan ajar pangajaran basa jeung sastra Sunda.

### 2) Siswa

Pikeun siswa sangkan bisa leuwih wanoh deui kana kaulinan tradisional.

### 3) Masarakat réa

Pikeun masarakat réa bisa nambahan pangaweruhna ngeunaan budaya Sunda, hususna kaulinan tradisional nu aya di Désa Pagerwangi Kacamatan Lembang Kabupatén Bandung Barat, sarta sangkan masarakat bisa ilubiung dina ngamumulé budaya Sunda.